ЭКОЛОГОН АРГЪАУ

# Æртæх балцы куыд ацыд

Бæрзонд – бæрзонд цъæх арвыл, стыр мигъты астæу цардис æртæх.

Уый уыд нырма хæрзчысыл æмæ йæм алцыдæр каст диссаг. Сау егъау мигъты дымгæ сырдта размæ. Мигъ ленк кодта хъæды, быдыры, цæугæдоны, хъæуы æмæ горæты сæрты. Гыццыл æртæхæн тынг цыдис йæ зæрдæмæ арвы бæрзæндтæй фæлгæсын бынмæ, зæхмæ. Куыд тæхынц иу бæласæй иннæмæ цъиутæ, куыд гæппытæ кæнынц цъымарайы сабитæ, куыд хъæлдзæг пæр-пæр кæнынц кæсæгтæ цæугæдоны. Æртæхы тынг фæндыд ахъазын фыдцъылыз кæсæгтимæ.



Бон иннæйы ивта, æртæх стырæй - стырдæр кодта, уæззауæй-уæззаудæр. Иу ахæмы нал бафæрæзта æмæ раппæрста йæхи бынмæ.



Фыццаг тынг фæтарст, фæлæ куы федта йæ аллыварс бирæ йæхи хуызæн æртæхтæ, уæд æрсабыр.



Ницæуыл ма ахъуыды кодта, афтæмæй æрхауд æрттиваг сыфмæ, уырдыгæй хъæды мæсчъыдонмæ. Дон зилдух кæнгæ бырыд дуртыл. Уый йæ тагъд уадæй æртæхæн разылдта йæ сæр.



Йæхимæ куы æрцыд, уæд бамбæрста, кæй сымбæлд стыр цæугæдоны. Фыр æхсызгонæй æртæх йæ цæстытæ бацъынд кодта, кæдæй – уæдæй йæ бæлиц сæххæст. Фидæны йæм æнхъæлмæ кастысты хуыздæр хабæрттæ.